

BAB V

Kacindekan jeung Saran

5.1 Kacindekan

Kamampuh nulis guguritan anu bisa diilustrasikeun nya éta ngagunakeun multimédia. Peunteun awal (prétés kahiji) siswa kelas XIBB SMA Negeri Nagrég dina pangajaran guguritan katangén rata-ratana 66.55 atawa 66.55%. Sedengkeun dina prétes kadua siswa kelas XIBB SMA Negeri Nagrég dina pangajaran guguritan katangén rata-ratana 69.02 atawa 69.02%. Dina prétes katilu siswa kelas XIBB SMA Negeri Nagrég dina pangajaran guguritan katangén rata-ratana 65.95 atawa 65.95%. Hasil peunteun rata-rata dina prétes kahiji nepi ka prétes katilu nya éta 67.17 atawa 67.17%.

Pangajaran guguritan dina prétes nya éta pangajaran saméméh ngagunakeun multimédia dina pangajaran guguritan, hasilna kurang nyugemakeun lantaran tina nya éta masih dihandap niléy katuntasan (KKM) 75 atawa 75%.

Peunteun akhir (postés kahiji) siswa kelas XIBB SMA Negeri Nagrég dina pangajaran guguritan katangén rata-ratana 85.5 atawa 85.5%. Sedengkeun peunteun akhir postés kadua siswa kelas XIBB SMA Negeri Nagrég dina pangajaran guguritan katangén rata-ratana 87.77 atawa 87.77%. Dina postés katilu siswa kelas XIBB SMA Negeri Nagrég dina pangajaran guguritan katangén rata-ratana 88.85 atawa 88.85%. katitén aya parobahan diajar dina pangajaran guguritan nalika ngagunakeun multimédia, sarta dina hasil peunteun rata-rata postés kahiji nepi ka postés katilu nya éta 87.45 atawa 87.45%.

Multimédia pikeun nulis guguritan bisa ngaronjatkeun diajar basa sunda hususna dina pangajaran guguritan bisa katangén dina taraf kapercayaan 95% db 39 mangka $t_{itung} > t_{tabel}$ ($30.34 > 2,68$), hartina aya béda anu signifikan antara pratés jeung pascaté sabada ngagunakeun multimédia pangajaran. Jadi Ho

(hipotésis sementara) multimédia teu mampuh ningkatkeun nulis guguritan siswa kelas X IBB SMA Negeri 1 Nagrég atawa Ho ditolak. Hi (hipotésis kerja) multimédia mampuh ngaronjatkeun nulis guguritan siswa kelas X IBB SMA Negeri 1 Nagrég atawa Hi ditarima..

5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan nu geus dilaksanakeun aya sababaraha saran anu ditepikeun, nya eta;

(1) Sakola

Salaku masukan ka pihak – pihak sakola ngagunakeun multimédia dina pangajaran jeung penggunaan pangajaran multimedia hususna dina pangajaran basa sunda.

(2) Pikeun Guru

Ku ayana panalungtikan ieu dipiharép para guru, hususna guru SMA bisa maham kana fungsi jeung kedudukan media- media hususna multimedia pangajaran, penting ogé diajar kucara modél diajar anu variatif salah sahijina kucara penerapan multimedia dina pangajaran basa Sunda sangkan pangajaran basa Sunda teu ngabosenkeun jeung siswa leuwih paham kana materi-materi anu ditepikeun.

(3) Pikeun nu maca

Ayana panalungtikan ieu bisa ngaronjatkeun motivasi pikeun ngalaksanakeun panaluntikan saterusna ngeunaan penerapan multimedia dina pangajaran basa Sunda sabab panalungtikan ieu masih kénéh loba kakuranganna, jeung bisa leuwih ditingkatkeun dina hal pamakean ngeunaan multimédia pikeun proses pangajaran basa Sunda.